

## FASON POU DEPOZE YON PLENT NAN DEPATMAN NAN SÈVIS PIBLIK NYS LA:



NEW YORK  
STATE OF  
OPPORTUNITY.

Depatman  
Sèvis Piblik

Si ou gen difikilte pou rezoud yon plent avèk enèji regilye w, telefòn, kab televizyon w oswa konpayi dlo w la, Depatman Sèvis Piblik Eta New York disponib pou ede w.

### • SÈVI AK FÒMILÈ PLENT KI SOU ENTÈNÈT LA:

[www.dps.ny.gov](http://www.dps.ny.gov)

### • RANPLI NIMEWO TANPRI NOUVO TOUJOU:

#### > Asistans (pou plent ak kesyon)

**1-800-342-3377**

8:30 am jiska 4:00 pm (lendi jiska vandredi)

Pou plent ak kesyon konsènan bòdwo oswa sèvis avèk elektrik, gaz, telefòn, kab televizyon oswa konpayi dlo.

#### > Liy pou rele (pou gaz ak elekrisite ki koupe)

**1-800-342-3355**

7:30 am jiska 7:30 pm (lendi jiska vandredi)

Si yo menase koupe sèvis elektrik oswa gaz lakay ou.

### • VIZITE BIWO NOU YO: \*

#### > Albany:

Three Empire State Plaza  
Albany, NY 12223

#### > Buffalo:

Ellicott Square Bldg.  
295 Main St.  
Buffalo, NY 14203

#### > New York City:

90 Church St.  
New York, NY 10007

#### > Long Island: (Pou Plent PSEG-LI yo)

125 East Bethpage Road  
Plainview, NY 11803

Konsomatè ki gen difikilte pou tande oswa pou lapawòl ka kontakte DPS nan Sèvis relè NYS la lè ou rele 711.

\*Pou depoze yon plent an pèsòn, rele nan nimewo gratis nou an ki se 1-800-342-3377 pou enstriksyon ak pou pran yon randevou.

# GID

## POU DEPOZE PLENT KONT SÈVIS PIBLIK REGLEMANTE YO



Depatman  
Sèvis Piblik

## Demare ak etap sa yo si w gen yon plent ki paka rezoud:

### Fason pou Depoze yon plent nan Depatman Sèvis Piblik NYS la

Depatman Sèvis Piblik Eta New York (DPS) te pwodui gid sa a pou fè w konnen pwosesis tretman plent li yo. Enfòmasyon sa yo fèt pou ede w konprann fason pou w rezoud yon pwoblèm oswa plent ou ka genyen ak konpayi elektrik, gaz natirèl, telefòn, kab televizyon oswa konpayi dlo.

Si ou gen yon plent, toudabò eseye rezoud li ak sèvis piblik ou a. Si ou pa kapab jwenn èd satisfèzan, DPS gen anplwaye pou ede w mennen ankèt sou plent ou an.

Pwosesis plent DPS la enplike twa nivo investigasyon:

1. Premye plent lan
2. Odyans enfòmèl oswa revizyon
3. Yon apèl nan odyans enfòmèl oswa revizyon desizyon an

#### 1. Pwosesis Premye Plent lan

Depoze plent ou an pa entènèt, telefòn, faks, lèt oswa an pèsòn\* nan youn nan biwo DPS ki nan Albany, Buffalo, New York City, oswa Long Island. Biwo DPS Long Island lan responsab pou jere plent elektrik PSEG-LI yo.

Nan lide pou asire ke sèvis piblik yo reponn obligasyon yo nan bay sèvis ki efikas, toudabò n ap mande sèvis piblik la kontakte w epi rezoud enkyetid ou yo.

**Si sèvis piblik la pa kontakte w nan premye kontak la, li pa ba w repons li nan de semèn oswa pwoblèm nan rete san rezoud apre ou te resevwa repons lan, ou ta dwe kontakte nou e nou pral mennen ankèt sou pwoblèm nan epi rapòte rezilta nou an ba ou.**

Biwo Sèvis Konsomatè DPS la ap fè yon investigasyon konplè sou plent ou a epi fè w konn desizyon an alekri oswa pa telefòn, rezon desizyon an ak aksyon ou ka pran.

**Pandan ke anplwaye DPS la ap investigate sou plent ou an, ou dwe peye pèsyon bòdwo ki pa nan diskisyon an sinon sèvis ou a ka sispann nan sèvis piblik la.**

\* Pou depoze yon plent an pèsòn, rele nan nimewo gratis nou an ki se 1-800-342-3377 pou enstriksyon ak pou pran yon randevou.

Si ou gen yon plent ki pako rezoud, ou kapab depoze li nan [www.dps.ny.gov](http://www.dps.ny.gov)

#### 2. Odyans Enfòmèl oswa Revizyon

Si ou kwè desizyon inisyal la pa t bon, ou ka mande yon odyans enfòmèl oswa revizyon enfòmèl. Yo ta dwe fè demann lan alekri oswa pa telefòn epi fè sa nan lespas 15 jou apre desizyon inisyal la.

Apre yo fin revize demann lan, ou pral resevwa yon lèt ki deklare lè ak ki kote odyans enfòmèl la ap fèt. Byenke li pa obligatwa, ou menm ak/oswa yon reprezantan w chwazi ka patisipe nan swa odyans enfòmèl la oswa pwosesis revizyon an. Yo ka mande w pou pote sèten dokiman nan odyans enfòmèl la oswa voye yo bay moun k ap fè revizyon enfòmèl la.

Si ou menm ak sèvis piblik la pa kapab rezoud plent ou an, ofisye odyans DPS la ap pran yon desizyon sou plent lan epi fè w konnen desizyon an alekri.

#### 3. Apèl nan Odyans enfòmèl la oswa Revizyon

Si ou kwè ke desizyon odyans enfòmèl odyans oswa revizyon an te mal fèt, ou ka fè apèl nan lespas 15 jou apre desizyon an.

Apèl alekri ou a dwe montre ke ofisye odyans lan oswa revizyon an te fè yon erè ki afekte desizyon an oswa prèv ki pa t disponib yo ta afekte desizyon an.

Se Komisyon Sèvis Piblik NYS (PSC) k ap deside sou tout apèl yo eksepte sa ki enplike PSEG-LI yo. Se Long Island Power Authority (LIPA) k ap deside sou apèl PSEG-LI yo.

PSC a oswa LIPA ap fè w konnen desizyon yo a alekri.